



# Kisa kansè ye?

What is cancer? – Haitian Creole



Kansè afekte 1 gason sou 2 ak 1 fanm sou 3 Ozetazini. Chans yo se ke oumenm oswa yon moun ou konnen te afekte pa kansè.

Yon kansè kòmanse lè gen chanjman nan kèk pati nan selil yon moun (jèn yo). Si chanjman sa yo mennen vè yon kansè, selil yo ka devlope san kontwòl epi pran plas selil nòmal yo. Selil kansè yo kapab pwopaje tou a pati de kote yo komanse a pou ale nan lòt pati nan kò a.

## Ki kote yon kansè ka kòmanse?

Kansè ka kòmanse nan nenpòt pati nan kò a. Sa enkli ògan, misk, zo, ak san. Kansè an pote non pati nan kò a oswa tip selil kote li kòmanse an. Pa egzanp, kansè ki kòmanse nan tete a rele kansè nan tete. Menm si li pwopaje nan lòt pati nan kò a, li toujou rele kansè nan tete.

## Lè kansè an ap pwopaje epi devlope

Selil kansè yo kapab pafwa pwopaje nan lòt pati nan kò a (metastaz). Yo kapab jwenn yo nan gangliyon lenfatik yo oswa lòt ògàn kò an, sa ki lakòz pwoblèm nan fonksyònman kò a.

Gen kèk tip kansè ki devlope vit. Gen lòt ki devlope mwen vit. Gen kèk ki gen plis tandans pwopaje nan lòt pati nan kò a. Gen lòt ki gen tandans rete kote yo kòmanse an.

## Kisa yon timè ye?

Yon timè se yon mas oswa yon boul ki fèt ak anpil selil. Gen kèk timè ki se kansè (malen), men gen anpil timè ki pa kansè (benen).

Gen kèk kansè ki koze pa chanjman nan selil san epi ki pa lakòz timè. Sa yo se kansè tankou lesemi, myelom, ak lenfom.

## Kisa ki lakòz kansè?

Gen anpil faktè risk pou kansè. Risk ou pou gen kansè ka ogmante pa:

- Kèk abitid vi
- Chanjmanjenetik ou resevwa de paran w (eritye)
- Lè w ekspoze w nan travay, lakay ou oswa deyò ak bagay ki ka lakòz kansè

## Glosè

**Men** kèk mo ou ka tande de ekip swen w lan.

**Benen:** Timè ki pa kansè

**Byomakè:** Pati nan kèk selil kansè ki ta ka itilize pou chwazi meyè tretman, pou verifye si yon tretman mache, epi pou siveye si yon kansè retounen. Yo rele yo tou makè timoral.

**Stad kansè:** Gwosè yon kansè ak nivo li pwopaje pa rapò a kote li kòmanse an

**Plan tretman kansè:** Dekri tretman ou pral resevwa, lè ou pral resevwa yo, ak konbyen tan tretman an gen chans pou dire

**Jèn yo:** Pati nan selil yo ki endike lè pou yo grandi, divize, ak aji. Ou resevwa jèn ou yo de paran w yo.

**Gangliyon lenfatik yo:** Ti estrikti ki filtre likid nan kò a. Yo kenbe bagay tankou selil kansè ak enfeksyon. Selil iminitè nan gangliyon lenfatik yo ede kò a konbat enfeksyon ak kansè.

**Malen:** Timè ki se kansè

**Metastaz:** Lè kansè a pwopaje soti nan yon pati pou ale nan yon lòt pati nan kò a

**Faktè Risk yo:** Yon bagay ki ogmante chans pou gen kansè

**Tès depistaj:** Tès ki fèt pou chèche yon kansè anvan yon moun gen nenpòt sentòm

Bagay sa yo ka lakòz chanjman nan jèn yo ki ka mennen vè kansè. Men, anpil fwa, pa gen kòz koni pou yon kansè.

Ou pa ka chanje jèn ou resevwa de paran w, men ou ka diminye risk kansè w lè w:

- Rete lwen tabak ak moun kap fimen
- Manje bon manje
- Rete aktif
- Kenbe yon bon pwa
- Limite kantite alkòl ou bwè
- Pwoteje po w kont solèy la

## Kijan yo detekte kansè?

Gen kèk kansè yo detekte lè yon moun gen sentòm ki pa janm pase. Gen lòt kansè yo detekte lè yon moun fè tès depistaj regilye. Tès depistaj yo ka ede yo detekte kèk kansè anvan yon moun gen sentòm yo, oswa lè kansè yo pi piti epi yo ka pi fasil pou trete.

## Kisa stad yon kansè vle di?

Depi yo jwenn yon kansè, ekip swen kansè an pral vle pou detèmine stad kansè a ak nenpòt lòt faktè ki ka itilize pou deside meyè tretman an.

Pou jwenn stad yon kansè, gen tès ki fèt pou detèmine gwo sè kansè a ak si li pwopaje nan lòt pati nan kò a. Yon stad enfeyè (tankou stad 1 oswa 2) vle di ke kansè a pa pwopaje anpil. Yon nimewo ki pi wo (tankou yon stad 3 oswa 4) vle di li pwopaje plis.

## Kijan yo trete kansè?

Tretman kansè depann de tip ak stad kansè w lan. Li pral depann tou de tès ki ka fèt sou selil kansè w yo pou wè si yo gen nenpòt chanjman ki ka afekte tretman (byomakè yo).

Yo trete kansè ak chiriji, radyasyon, epi medikaman. Yo souvan itilize plizyè tip tretman si yo efikas ansanm.

Yo itilize **chiriji** pou retire yon pati oswa yon kansè an antye. Li ka sèl tretman ki nesesè si kansè an lokalize yon sèl kote. Oswa yo ka itilize chiriji ansanm ak lòt tretman.

**Radyasyon** ka touye oswa ralanti devlopman kansè nan yon zòn nan kò a. Pifò tretman radyasyon yo sanble ak radyografi. Men pafwa yo mete radyasyon an andedan kò w toupre timè a.

Yo itilize **medikaman** pou touye selil kansè yo oswa fè yo devlope mwén vit. Yo ka trete kansè nan nenpòt pati nan kò a. Medikaman sa yo rele chimoterapi, terapi medikaman sible, iminoterapi, ak terapi òmònial.

Gen kèk nan medikaman sa yo ki administre nan yon venn atravè yon zegwi (IV). Lòt yo bay kòm konprime. E gen kèk lòt yo bay nan lòt fason tankou ensere yo nan blad pipi a. Chak medikaman travay yon fason diferan, kidonk pafwa yon konn itilize de oswa plizyè ansanm.

Ou menm ak ekip swen kansè w lan pral deside ansanm ki tretman ki pi bon. Ekip lan ap kontinye sipòte w nan tretman an. Yo pral reponn kesyon w yo, ede w jere efè segondè yo, epi swiv evolisyon tretman w lan.



Pou aprann plis, vizite sit Entènèt American Cancer Society a nan [cancer.org/phm](https://cancer.org/phm) oswa rele nou nan **1-800-227-2345**. Nou la lè w bezwen nou.



cancer.org | 1.800.227.2345

©2024, American Cancer Society, Inc.  
No. HAI087105 Rev. 9/24  
[bbb.org/charity](http://bbb.org/charity)

